

Marching Kilties nan Mount Pleasant High School fè antrènman anvan pèfòmans yo nan Parag Fèt Memoryal Nasyonal la.

# KONEKSYON

31 ME 2023

## ESPAS SIPÈ-ENTANDAN AN

Byenvini nan dènye edisyon bilten chak de semèn Distri Lekòl Piblik Providence (PPSD) la! Si ou menm oswa yon moun rate nenpòt nan bilten nou yo, ou ka jwenn edisyon anvan yo sou [sitwèb Distri a nan plizyè lang](#).

Se moman ki plis okipe nan ane a pou pwofesè yo, elèv ak paran yo! Kou yo fini epi selebrasyon yo kòmanse an plen. Nou enpasyan pou wè anpil nan nou nan youn nan evènman gradyasyon nou yo. Se pa senpleman lekòl segondè a. Lekòl twazyèm sik yo òganize selebrasyon pou klas ywityèm ane yo epi anpil lekòl primè òganize evènman pou klas senkyèm ane ak jadendafan yo. Yon high five pou tout elèv nou yo paske yo rive nan fen an. Se yon selebrasyon yo byen merite.

Mwen kontan anpil pou anone ke Pwogram Aprantisaj PPSD nan Sezon Ete a genyen 1250 elèv ki enskri nan pwogram primè a ak yon lòt elèv toujou ki sou lis datant lan. Nou te fèmen enskripsyon an pou divizyon sa a men toujou genyen espas ki disponib nan pwogram lekòl twazyèm sik nou an. Aprann plis sou bèl opòtinite yo pou elèv ki nan klas 6-8 ane yo nan providenceschools.org/summer.

Annou fini ane a djanm!



DR. JAVIER MONTAÑEZ
SIPÈ-ENTANDAN

## MAKE KALANDRIYE W YO!

- **INIVÈSITE PARAN: MANJE, JWE, APRANN AK REKREYASYON ETE A**
  Mèkredi 31 Me 2023
  6:00 p.m. - 7:30 p.m.

JENMENI LEKÒL LA

## 2023 KALANDRIYE GRADYASYON DISTRI LEKÒL PIBLIK PROVIDENCE LA

| | | | |
|---|---|---|---|
| Classical High School | Lendi 12 Jen | 4:00 p.m. | Oditoryòm Memoryal Veteran yo |
| Hope High School | Lendi 12 Jen | 7:30 p.m. | Oditoryòm Memoryal Veteran yo |
| PCTA | Madi 13 Jen | 4:00 p.m. | Oditoryòm Memoryal Veteran yo |
| Alvarez High School | Madi 13 Jen | 7:30 p.m. | Oditoryòm Memoryal Veteran yo |
| Central High School | Mèkredi 14 Jen | 4:00 p.m. | Oditoryòm Memoryal Veteran yo |
| Mount Pleasant High School | Mèkredi 14 Jen | 7:30 p.m. | Oditoryòm Memoryal Veteran yo |
| 360 High School | Jedi 15 Jen | 4:00 p.m. | Roberts Hall nan Rhode Island College |
| JSEC | Jedi 15 Jen | 7:30 p.m. | Roberts Hall nan Rhode Island College |
| E-Cubed Academy | Vandredi 16 Jen | 6:30 p.m. | Roberts Hall nan Rhode Island College |

SUMMER LEARNING
APRENDIZAJE DE VERANO

### ENSKRIPSYON NAN PWOGRAM SUMMER A OUVÈ

Si w enterese rantre nan pwogram summer, tanpri vizite sitwèb nou an nan providenceschools.org/summer. Enskripsyon an ap kontinye men yo pa ka garanti espas ak transpò. Tanpri verifye ak lekòl ou an.

**SOTI LENDI 10 JIYÈ POU RIVE JEDI 17 OUT**

**Lekòl Primè (Klas K-5)**
Akademi Aprantisaj Summer Stars
Young Woods ak Lima Elementary School
Lendi - Vandredi, 8:00 a.m. - 5:00 p.m.

**Lekòl Twazyèm Sik (Klas 6 - 8)**
STEM & E-Sports
DelSesto Middle School
Lendi - Jedi, 8:00 a.m. - 2:00 p.m.

**Lekòl Segondè (Klas 9-12)**
Retablisman Kredi nan Ete pou Lekòl Segondè PPSD
Central High School
Lendi - Jedi
8:00 a.m. - 2:00 p.m.

## MIZAJOU DISTRI

### GRADYASYON LEKÒL SEGONDÈ

Fen ane lekòl la preske rive, epi sa vle di **gradyasyon lekòl segondè yo** ap apwoche! Yon lis konplè ki gen tout dat ak lè gradyasyon yo afiche sou sit entènèt Distri a, ak de premye gradyasyon yo k ap fèt nan Lendi 12 Jen an. Nou espere w ap ka rejwenn nou pou si bèl selebrasyon sa yo!

### MARCHING KILTIES NAN AP FÈT NAN JOU KOMEMORATIF LA

**Marching Kilties nan Mount Pleasant High School** sou direksyon Danielle Trial Lucini te ale Washington D.C. wikenn pase pou pèfòme nan **Parad Jounen Komemoratif Nasyonal la.** Se te premye fwa yon bann nan Rhode Island te fè mach epi tè pèfòme nan parad la. Ale Kilties yo!

### VITRIN SOU EDIKASYON DOUB LANG AK BILENG

Paran, manm kominpotè yo, edikatè, ak lidè lokal yo envite pou vin wè fason pi bon pratik **sou edikasyon doub lang ak bileng yo** aplike nan Distri Lekòl Providence lan!

Rejwenn kamarad ou yo pou yon jounen:

- Vizit sou kanpis ak nan saldeklas
- Yon gwoup diskisyon ak elèv, pwofesè, ak lidè yo
- Yon sesyon bilan kolaboratif ak opòtinite pou koneksyon ak lòt lidè yo

**Madi 6 Jen, 8:00 a.m. - 2:30 p.m.**

RSVP obligatwa jiska 1ye Jen nan forms.gle/d4MopECCLzXfdw6v9

### FAFSA

**Aplikasyon Gratis pou Asistans Federal pou Elèv (FAFSA)** se fòmilè ou dwe ranpli pou jwenn nenpòt asistans finansye nan men gouvènman federal la pou peye pou fakilte. Chak ane, plis pase 13 milyon elèv ki ranpli FAFSA la jwenn plis pase $120 milya dola nan sibvansyon, travay-etid, ak prèv ki gen fèb enterè nan men Depatman Edikasyon Etazini an. Li gratis pou ranpli l epi li pèmèt ou jwenn aksè nan opòtinite finansye pou fakilte. Tanpri al jwenn konseye oryantasyon lekòl segondè ou an pou jwenn plis detay. Epitou, PPSD pral:

- Bay lè fonksyònman lekòl yo ki gen ladan Samdi pou fanmi yo ranpli FAFSA a;
- Travay ak Sant Planifikasyon Fakilte RI a ak RIOPC ak OnWard We Learn, ak ETS pou soutni tout efò FAFSA ak lòt efò pou ranpli FAFSA a; epi
- Biwo Angajman Familyal ak Kominotè a disponib tou pou kolabore ak fanmi ak lekòl yo.

### FINI ANE A DJANM: PREZANS

Nou nan dènye liy dwat la epi nou vle ankouraje tout fanmi ak elèv yo pou fini ane a djanm pandan y ap patisipe chak jou! Anvan pandemi an, yo te konsidere apeprè 8 milyon elèv Ozetazini kòm absan kwonik, selon gwoup rechèch *Attendance Works* la. **Yo konsidere yon elèv kòm absan kwonik si li rate 10% oswa plis nan ane lekòl la.** Kantite elèv absan kwonik yo te double jiska apeprè 16 milyon nan lane 2022. Sa vle di annou travay ansanm pou vini lekòl la!



### REZILTA SURVEYWORKS YO

nAN **Young Woods Elementary School** nan Madi, **Gouvènè Dan McKee** ak **Lyetnan Gouvènè Sabina Matos** te rejwenn **Komisè RIDE la Angélica Infante-Green** ak **Sipè-entandan Javier Montañez** pou pibliye rezilta final SurveyWorks yo. Rezilta Lekòl Piblik Providence lan te deklare amelyorasyon nan plizyè domèn kle: klas 3-5 yèm ane yo te reponn yon fason favorab ak objektif ak estrateji aprantisaj yo, epi klas 6-12 yèm ane yo te twouve Plan Aprantisaj Endividyèl la (ILP) itil pou preparasyon fakilte/karyè yo. Epitou Providence te resevwa yon evalyasyon ki plis elve pou angajman familyal pase rès eta a, ak yon ogmantasyon fanmi ki patisipe nan evènman eskolè yo nan lekòl timoun yo a.





## EGALITE AK APATENANS

**Jen, PRIDE Empower**
Lendi 5 Jen 2023
Lye: Small Format (335 Wickenden St, Providence, RI 02903)
Piblik: Edikatè Providence yo
*Pou onore mwa Fyète a, Biwo Ekite ak Apatenans lan pral òganize yon rankont pou edikatè yo ki idantifye nan kominote LGBTQ+ a. Nou pral rankontre nan Small Format soti 4pm-6pm (335 Wickenden St, Providence, RI 02903) pou kapab nan kominote a. Tanpri enskri isit la paske plas yo limite.*

**Lidèchip ki Santre sou Ekite**
Nan dat 1 Jen 2023, Direktè yo pral patisipe nan dezyèm faz fòmasyon lidèchip sou ekite a ki anime pa Dr. Mark Gooden. Nan dat 8 Jen 2023 ak 9 Jen 2023, Dr. Mark Gooden pral retounen pou anime yon sesyon pou tout direktè adjwen yo nan tout Distri a.

**Akademi Lidèchip RESPECT**
Lendi 14 Out 2023 - Vandredi 25 Out 2023
Lye: Sant Vil Providence Marriott
Odyans: Elèv Lekòl Twazyèm Sik ak Lekòl Segondè PPSD yo
*Gratis pou elèv ki se patisipan aktif yo nan RESPECT. Y ap bay dejene, manje midi ak ti goute. Elèv yo pral resevwa yon alokasyon.*




## SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèl bagay chak jou. Men kèk egzanp.



### SHARK TANK NAN ALVAREZ

Elèv yo nan **Dr. Jorge Alvarez High School** te patisipe nan yon Prezantasyon Shark Tank. Gwoup elèv dezyèm ane yo te prezante lide pou sit entènèt yo bay kamarad klas yo, yo te rive fè diskisyon sou chak sijè enpòtan ke yo te prezante epi yo te konstwi sit entènèt ki enteraktif. Mèsi ak tout moun pou bon travay nou pandan semès sa a!



### JOUNEN KARYÈ CARNEVALE

Elèv yo nan **Anthony Carnevale Elementary School** te patisipe nan yon jounen sou karyè semèn pase! Yo te aprann epi yo te eksplore anpil pwofesyon diferan nan òganizasyon yo nan zòn ozalantou a. Soti nan manm yo nan depatman ponpye a, jiska RISCPA, ak Mize Timoun Providence yo, elèv yo te anmezi pou enteraji ak anpil antrepriz diferan. Mèsi ak tout moun ki te vini nan jounen sou karyè a!



### TABLO ONÈ NAN MOUNT PLEASANT

**Mount Pleasant High School** te selebre reyisit elèv ki te nan Tablo Onè a pou twazyèm trimès la. Epitou envite yo te gen opòtinite pou tande pwofesè CTE lekòl la sou diferan pakou, ak travay ke elèv yo ap fè. Felisitasyon ak tout moun, epi kontinye bèl travay la!



### JOUNEN DESIZYON NAN 360

Senyò yo nan **360 High School** te resevwa ankourajman nan men kamarad klas yo, pandan yo t ap anonse pwojè yo pou aprè gradyasyon yo pandan Jounen Desizyon an! Evènman an te yon gran fason pou selebre reyalizasyon klas senyò a, ak pwojè yo konte kòmanse aprè yo kite 360 High School. Felisitasyon ak tout elèv senyò ekstrawòdinè yo, epi bòn chans pou pwochen etap yo!



### OMAJ NAN JOU KOMEMORATIF AVANTI A

Elèv yo nan **A-Venture Academy** te òganize yon seremoni nan Jaden Souvni an nan dedikasyon Rhode Island IX, yon gwoup Marin ki te pèdi lavi yo nan peyi Liban, Beirut. Pou komemore sakrifis yo, elèv A-Venture Academy yo, pwofesè, ak manm pèsonèl la te òganize seremoni ekstrawodinè a ak Michael Harris, Charlie Masterson, ak manm fanmi Gold Star yo pou Marin ki te tonbe yo, ki te rann omaj ak pwòch yo.



## PWEN ENPÒTAN ELÈV YO

Chèche konnen bon jan nan elèv senyò nou yo nan distri a!

**Sophia Lemaire**
*Senyò, Hope High School*
ES: Martin Luther King
MS: Bishop

**Evelyn Nimoh**
*Senyò, Hope High School*
ES: Lekòl Piblik Pawtucket yo
MS: Lekòl Piblik Pawtucket yo

**Helimet Laureano**
*Senyò, Hope High School*
ES: Lekòl Piblik New York yo
MS: Greene Middle School

***Ki plan w genyen pou aprè lekòl segondè w?***

**SL:** M ap kontinye travay. Epi mwen prale nan RISD pandan otòn nan. M ap panse pou m konsantre m sou eskilti oswa konsepsyon endistriyèl. Mwen te fè patisipe nan Project Open Door depi ane pase epi mwen te swiv kou Samdi yo nan otòn. Pou mwen se te ant RISD ak MassArt men m te jwenn Bousdetid Elèv POD a (Project Open Door). Se te premye a. Ane sa yo te deside bay yon elèv ki te antre nan RISD yon bousdetid konplè.

**EN:** Mwen prale nan Springfield College epi m poko deside sou pwofesyon mwen nan moman sa a. Yo genyen yon pwogram teyat ki vrèman bèl ke m enteresan ladan epi kanpis yo a bèl anpil. Se te ant Manhattan College ak Pace University oswa Springfield paske m te vle rete New York. Men apresa mwen te evalye frè etid la epi m te di èske mwen vrèman bezwen rete New York? Epi Springfield se li menm.

**HL:** Mwen prale nan Roger Williams University. M ap panse pou m ale nan jistis kriminèl. Li tou pre lakay mwen. Lekòl la te ban m 95% nan frè etid la. M te jwenn bousdetid entè-kiltirèl la epi jan m te di a li te tou pre lakay mwen epi m tou pre fanmi m.

> **"Yo te fè yon gwo enpak sou lavi nou. Yo se pwofesè isit la ki fè w santi w vrèman enpòtan epi yo remake prezans ou epi yo apresye w."**

***Di nou eksperyans ki te plis make lavi w nan Hope High School?***

**SL:** Ane pase, nou te fè yon penti nan miray nan sousòl la nan Hope High School. Nou te vini ak yon lide epi yo te di pou nou amize nou men asire ke li adapte ak sijè a. Sa te amizan anpil paske nou te kapab jwenn tip debouche sa a nan moman sa a. Mwen te vrèman bezwen l. Nou te fè yon penti nan miray ki baze sou lanmò ak mizik ki rele Music Aquarium (Akwaryòm Mizik la).

**EN:** Souvni prefere m se premye pwodiksyon mwen nan lekòl segondè, The Christmas Carol, epi se mwen menm ki te dirije l. M te jwe wòl Scrooge. Mwen senpleman sonje se te yon trè bèl moman pou mwen paske m te reyalize se sa mwen vle fè ak lavi mwen. Mwen renmen lè m devan moun epi m ap pèfòme.

**HL**: Mwen panse pou mwen se wout la. Mwen te rankontre nouvo moun epi m te reyèlman ranpòte yon meday pou premye fwa. Se te yon gwo moman. M te fè 4x400. Mwen renmen ko-ekipye m yo epi nou tout sipòte youn lòt.

***Kisa ou pral manke plis sou lekòl segondè?***

**SL:** Mwen panse m pral manke kèk pwofesè. Yo te fè yon gwo enpak sou lavi nou. Yo se pwofesè isit la ki fè w santi w vrèman enpòtan epi yo remake prezans ou epi yo apresye w. Ou pa toujou santi w konsa nan lòt lye yo.

**EN:** Mwen panse lekòl segondè pral manke m. Depi Covid, kilti a te kòmanse ankò epi li te vin pi solid. Manm pèsonèl la ap fè efò pou konstwi yon pi bon kilti pou Hope.

**HL:** Vizaj zanmi m yo pral manke m chak jou.

***Èske te genyen yon pwofesè ki te fè yon enpak sou lavi w nan Hope oswa nan PPSD?***

**SL:** Jonathan Goodman, pwofesè Anglè nou an, se yon chans pou nou genyen l. Pwofesè atistik mwen an Mary McMurtery. Ak Madam Erin Mullry, li anseye teyat ak art.

**EN:** Mwen genyen anpil. Men m ap redwi l jiska twa. Premye a se t ap Mr. "Zen" Zienowicz. Li te fè m santi m kòm yon jèn aktè epi m gen anpil pasyon pou m jwe wòl aktè. Mwen dwe l yon gwo kout chapo. M t ap definitivman di Madam Garcia. Li se youn nan antrenè asistan volebòl nou yo. Li ede nou nan anpil bagay. Lè mwen jwe pafwa mwen fè kriz panik epi li ede m kalme m epi sa ede m santi m an sekirite. Matt ak Johnny, yo tèlman janti epi yo se tankou papa m gen nan lekòl la. Nenpòt bagay ki nwi m, m ka ale nan biwo yo a epi pale ak yo.

**HL:** Wi, Mezye Goodman ak Madam Sully tou. Yo te ede m anpil.

***Kisa ki rann ou estrese oswa kontan anpil sou gradyasyon an?***

**SL:** M kontan anpil pou fè art. M pè epi m kontan an menm tan.

**EN:** M pè paske yo ka pa dolote m ankò lè nou nan monn reyèl la aprè lekòl segondè. Y ap pouse nou pou nou rete poukont nou epi aprann nouvo bagay. Nou kapab kòmanse yon nouvo chapit oswa menm yon nouvo chapit nan lavi nou.

**HL:** Kontan anpil pou libète a ak pou rankontre nouvo moun.

## SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- Fanfa Mount Pleasant High School nan pral jwe nan parad Jounen Komemoratif Nasyonal la nan D.C.
  WJAR, 26 Jen 2023
- Yo te nome pwofesè Providence lan Meyè Pwofesè Edikasyon Sivik nan RI pou Ane a
  WPRI, 23 Me 2023
- Lekòl Providence yo pral òganize inogirasyon teren an gazon nan Classical High School
  ABC6, 21 Me 2023
- Pwofesè Classical la ki se Francesca Leclerc ke yo te Dezinye kòm Meyè Pwofesè pou Ane a
  WPRI, 19 Me 2023

## NAN DISTRI A



### PWOFESÈ LECLERC KI SE MEYÈ PWOFESÈ POU ANE A

Felisitasyon ak pwofesè **Classical High School** la **Francesca Leclerc** paske yo te dezinye l kòm Meyè Pwofesè Providence Ane a pou 2023! Madam Leclec nan Distri a pandan 25 lane, epi li te pase dènye 23 ane yo nan Classical. Li bay plizyè èdtan san konte pou Konpayi Teyat Classical la epi li anseye kou Literati AP yo. Antanke yon chanpyon nan ekite, Madam Leclerc itilize vwa l pou pale pou sa ki bon pou elèv yo ak kominote a. Felisitasyon pou Madam Leclerc, epi remèsiman pou angajman w ak devouman w pou pa sèlman Classical High School, men pou kominote PPSD a.



### PRI ANSÈYMAN ANE A POU PWOFESÈ EDIKASYON SIVIK RI A

**Sekretè Eta a Gregg Amore**, ansanm ak **Sipè-entandan Dr. Montañez**, **Komisè Infante-Green**, ak **Direktè Dr. Juda**, te prezante pwofesè **E-Cubed Academy** an **John Healy** ak Pri Inogiral Ane a pou Pwofesè Sivik. Yo onore Mesye Healy pou angajman li ak elèv yk ak edikasyon sivik, ki anseye anpil kou istwa AP, ak yon kou Sivik Ozetazini. Felisitasyon, Mesye Healy!



### LEKÒL SEGONDÈ PPSD YO RESEVWA SIBVANSYON NAN BROWN

Kontan anpil pou pataje nouvèl sou distenksyon Brown ki se $1.25 Miyon dola atrabè dekèsman nan **Fon pou Edikasyon Timoun nan Providence la** pou ede Lekòl Providence yo nan **JSEC**! Sibvansyon yo pral ede nèf bibliyotèk lekòl segondè PPSD yo epi bay yon pwogram alfabetizasyon finansye nan **Nathanael Greene Middle School**. Mèsi ak Brown University pou jenewozite w nan fason ou ede elèv nou yo jwenn pi bon plas ki posib pou devlope edikasyon yo.



### INOGIRASYON NAN CLASSICAL HIGH SCHOOL

**Classical High School** te òganize yon seremoni inogirasyon pou teren an gazon tounèf nan lekòl la. **Majistra Brett Smiley**, **Komisè Angélica Infante-Green**, manm PPSD yo, manm **Komisyon Administrasyon Vil Providence lan**, manm **Komisyon Eskolè Providence la**, aktè kominotè yo, paran, ak elèv yo te prezan tou nan gran ouvèti a. Teren Gazon an pral resevwa sis espò ki pratike nan lekòl segondè a, ki gen ladan foutbòl ameriken, foutbòl, boys lacrosse, girls lacrosss, hocket sou gazon, ak softball. Nou vle remèsye tout moun ki enplike nan reyalizasyon pwojè sa a, epi nou kontan anpil pou wè anpil evènman espòtif k ap fèt isit la. Go Purple!

Gwo bagay ap pase atravè distri a e nou vle w konnen yo! Si w gen yon pwogram, yon evènman, Manm pèsonèl oswa elèv ki gen yon bèl istwa ou ta renmen prezante, tanpri voye yon imèl nan communications@ppsd.org.

Providence Schools

© 2023 Providence Public Schools · communications@ppsd.org · www.providenceschools.org